

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar jeung didéskrripsikeun (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh ngagunakeun modél *Round Table* katitén tina aspék kasaluyuan téma kagolong sedeng (3,4), aspék organisasi eusi kagolong kurang (2,9), aspék pilihan kecap atawa diksi kagolong kurang (2,6), aspék makéna basa kagolong kurang (2,8), aspék éjahan kagolong sedeng (3,5). Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis carita pondok siswa pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh ngagunakeun modél *Round Table* kaasup kana katégori can tuntas (61,4).
- 2) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus ngagunakeun modél *Round Table* katitén tina aspék kasaluyuan téma kagolong alus (4,3), aspék organisasi eusi kagolong alus (4,2), aspék pilihan kecap atawa diksi kagolong sedeng (3,7), aspék makéna basa kagolong sedeng (3,9), aspék éjahan kagolong alus (4,1). Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis carita pondok siswa pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus ngagunakeun modél *Round Table* kaasup kana katégori tuntas (82).
- 3) Aya ningkatna kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung taun ajar 2019/2020 tina saméméh ngagunakeun modél *Round Table* can tuntas jadi tuntas sabada ngagunakeun modél *Round Table*. Ieu hal katitén dina aspék kasaluyuan téma jeung eusi tina kagolong sedeng (3,4) ningkat jadi alus (4,3). Aspék organisasi tina kagolong kurang (2,9) ningkat jadi alus (4,2). Aspék pilihan kecap atawa diksi tina kagolong kurang (2,6) ningkat jadi sedeng (3,7). Aspék

makéna basa tina kagolong kurang (2,8) ningkat jadi sedeng (3,9). Aspék éjahan tina kagolong sedeng (3,5) ningkat jadi alus (4,1). Peunteun hasil saméméh ngagunakeun modél *Round Table* sakabéh siswa ningkat tina can tuntas (61,4) jadi tuntas (82) kalayan KKM 78. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus ngagunakeun modél *Round Table* aya ningkatna.

- 4) Aya bédana anu signifikan kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh ngagunakeun modél *Round Table* jeung sanggeus ngagunakeun modél *Round Table*. Ieu hal katitén tina hasil uji normalitas ngahasilkeun 0,667 leuwih ti 0,05. Jeung uji *Paired Samples Test* ngahasilkeun peunteun -9,731 jeung signifikasi (Sig. 2-tailed) $0,000 < 0,05$ anu hartina hipotésis a (H_a) ditarima atawa hipotésis 0 (H_0) ditolak. Hartina aya bédana anu signifikasi kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh ngagunakeun modél *Round Table* jeung sanggeus ngagunakeun modél *Round Table*, hususna kamampuh kasaluyuan téma jeung eusi, organisai eusi, pilihan kecap atawa diksi, makéna basa, jeung éjahan. Ku kituna, modél *Round Table* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung taun ajar 2019/2020.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, dilarapkeuna modél pangajaran *Round Table* miboga implikasi yén ieu modél pangajaran téh ditarima ku siswa. Digunakeunna modél pangajaran *Round Table* jadi salah sahiji cara pikeun numuwuhkeun sikep kréatif siswa dina ngamekarkeun ide jeung gagasan, parigel dina milih jeung makéna kecap, ogé éféktifna suasana diajar di kelas. Salian ti éta nalika prak-prakanna ngagunakeun ieu modél siswa jadi leuwih aktif dina gawé bareng.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa leuwih hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar ngajar, saperti ieu di handap.

- 1) Modél *Round Table* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok. Ku kituna, ieu modél pangajaran *Round Table* bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis carita pondok.
- 2) Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan modél *Round Table* ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna kudu aya deui panalungtikan séjén sangkan leuwih lega ngeunaan modél pangajaran *Round Table* nyaéta ngagunakeun métode ékspérimén murni.